



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSEPSYON MEDAY, PATNÈ DIFIZYON AK  
KALANDRIYE KONPETISYON SIS MWA ANVAN LANSMAN JE MONDYAL  
INIVÈSITÈ FISU 2023 YO NAN LAKE PLACID**

*Plis pase 500 milyon dola nan investisman eta yo te modènize ak amelyore  
enfrastrikti espò ivè rejyon an*

*Meday yo te devlope an kolaborasyon avèk pwofesè ak etidyan Alfred University  
yo nan sèvi ak vè ki gen sous dirab; foto yo disponib [isit la](#)*

*Yo chwazi ESPN kòm televizyon ak distribitè dijital ofisyèl; Li pral gen prèske 160  
èdtan kouvèti atravè rezo yo*

*Kalandriye evènman ak konpetisyon yo pibliye [isit la](#); Tikè yo pral disponib pou  
vann nan 1 septanm*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse nouvo konsepsyon meday ak kalandriye konpetisyon pou pwochen Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid (Lake Placid 2023 FISU World University Games), sis mwa anvan je yo kòmanse. Je yo pral mobilize plis pase 500 milyon dola nan finansman eta ki angaje pou amelyore lokal ak enstalasyon espò Otorite Rejyonal Devlopman Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA) nan North Country ak rejyon ki alantou. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse ke yo te nonmen ESPN kòm televizyon ak distribitè dijital ofisyèl je yo epi lavant tikè yo pral kòmanse nan 1 septanm.

"Nan apèn sis mwa, New York pral tounen akeyi monn lan nan Lake Placid pou Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a plis pase 500 milyon dola nan amelyorasyon enfrastrikti espò yo, bèl meday nou an ke etidyan ak pwofesè Alfred University yo konsevwa, ak yon patenarya avèk ESPN, je sa yo pwomèt pou yo se meyè jiskaprezan ak yon gwo avantaj pou ekonomi rejyonal la. Ansanm ak lidè lokal yo, biznis yo, ak maskòt Adirondack Mac, mwen pa ka tann pou m resevwa atlèt ak piblik yo atravè monn lan nan lakou nou an".

Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 nan Lake Placid yo se yon festival espòtif ak edikatif nan ivè ki dire 11 jou, ki pwograme soti 12 janvyè pou rive 22 janvyè 2023, ki pral mennen 2,500 atlèt kolèj ak delege ki soti nan plis pase 600 inivèsite ak 50 nasyon, ki

fè konpetisyon nan 12 espò sezon ivè ak 86 evènman. Yo te devlope meday je yo an kolaborasyon avèk pwofesè ak etidyan nan New York State College of Ceramics nan Alfred University. Inivèsite a ak Sant pou Inovasyon Vè ak Lekòl Jeni Inamori te itilize vè resikle ki soti nan Potsdam, Konte St. Lawrence, pou devlope ensèsyon an vè ki ogmante istwa eta a nan teknoloji vè inovatè. Logo a ki grave nan vè a senbolize konsantrasyon santral nan je yo, atlèt kolejyal la, epi li ajoute yon lòt nivo dimansyon nan konsepsyon an. Imaj meday yo disponib [isit la](#).

Gouvènè Hochul te pibliye tou kalandriye ofisyèl konpetisyon pou je yo, nou ka jwenn li [isit la](#). Kalandriye a bay dat, lè, ak lokal evènman yo nan 12 espò yo, ansanm ak etap enpòtan yo tankou seremoni ouvèti ak fèmti yo.

Anplis de sa, gouvènè a te anonse ke yo te nonmen ESPN kòm televizyon ak distribitè dijital ofisyèl pou Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid. Dapre akò a, ESPN+ pral difize prèske 140 èdtan kouvèti pandan 11 jou evènman an, avèk plis pase 20 èdtan kouvèti rezo ESPN2 ak ESPNU. Seremoni Ouvèti a pral mete aksan sou prezantasyon Je Inivèsitè Mondyal FISU 2023 yo, ansanm ak divès evènman konpetisyon tankou planch (snowboard cross), paten vitès, pwogram long patinaj atistik, ak afwontman pou meday lò pou oke sou glas pou fanm ak gason. TSN pral ofri yon kouvèti adisyonèl pou fanmi yo nan Canada.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rejyonal Devlopman Olenpik la, Mike Pratt te deklare,** "Enfrastrikti olenpik nou an pral byento resevwa atlèt kolèj ak inivèsite atravè monn lan. Eksitasyon an ap ogmante epi pozisyon nou nan monn espò a ap monte. Lokal ORDA yo se resous ki de pli zan pli presye ki pral bay rezilta ekstraòdinè pou plizyè deseni k ap vini yo".

Pandan sis ane pase yo, Eta New York te fè investisman enpòtan nan enstalasyon fòmasyon ak konpetisyon dènye modèl ORDA yo, ki gen ladan plis pase 500 milyon dola nan tout lokal ak operasyon ORDA nan Adirondack ak Catskill Mountains. Kòm rezilta investisman sa yo, enstalasyon ORDA yo ouvri pandan tout ane a pou evènman, fòmasyon atlèt ak rekreyasyon. Lokal ORDA yo òganize evènman lokal, rejyonal, nasyonal ak entènasyonal, ki gen ladan Je Mondyal Inivèsitè FISU yo, ki pral gen Chanpyona Mondyal Patinaj Atistik Senkwonize nan mwa mas 2023 ak Chanpyona Mondyal Bobsled Skeleton na mwa fevriye 2025.

Eta a te investi anpil tou nan enfrastrikti espò ivè atravè rejyon North Country. Empire State Development (ESD) ap sipòte modènizasyon Sant Sivik Saranac Lake nan Konte Franklin avèk yon sibvansyon 4.5 milyon dola pou Sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a avèk etablisman an ki pwograme pou òganize evènman Curling je yo. Lòt investisman ESD yo gen ladan finansman pou fè avanse pwojè tankou Sant Sante ak Kondisyonman Fizik Lake Placid nan Adirondack Health, Saranac Waterfront Lodge ak Hotel Saranac.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Je Mondyal Inivèsitè FISU yo pral montre Lake Placid ak

kominote North Country ki alantou yo bay yon odyans mondyal. Envestisman estratejik eta a pou sipòte ak devlope touris rejyon an ak enfrastrikti espò konpetitif yo enpòtan anpil pou siksè je yo epi yo pwomouvwa rejyon an plis kòm yon destinasyon espò ivè".

**Direktè Egzekitif Konsèy Espò Adirondack North Country an (Adirondack North Country Sports Council), Ashley Walden, te deklare,** "Nou kontan itilize teknoloji ak ekspètiz Alfred University. Ensèsyon an vè a se yon lòt demonstrasyon angajman nou pou òganize je FISU ki pi dirab jiskaprezan, yon pati entegral nan inisyativ Sove Ivè (Save Winter) a".

**Direktè Prensipal Pwogram ak Akizisyon ESPN nan, Dan Margulis, te deklare,** "Je Mondyal Inivèsitè FISU yo pral ajoute nan istwa rich Lake Placid nan òganize konpetisyon espò ivè klas mondyal, epi ESPN kontan anpil pou montre evènman yo ak plizyè milye atlèt kolèj ki pral patisipe atravè monn lan".

**Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare,** "Je Mondyal Inivèsitè ane pwochèn yo pral mennen atlèt entènasyonal yo ak piblik yo tounen nan Lake Placid. Finansman eta a te atribye pral asire ke lokal espò nou yo ak zòn ki alantou yo nan pi bon nivo yo epi mete aksan sou kalite inik yo ak cham yo bay vizitè yo ak moun ki ap gade je yo sou ESPN ane pwochèn".

**Manm Asanble Billy Jones te deklare,** "Li difisil pou kwè ke Je Mondyal Inivèsitè FISU yo gen pou fèt nan apèn sis mwa apre tout ane preparasyon ak kolaborasyon ant lidè eta ak lokal yo ki te fè moman sa a posib. Evènman sa a pral montre dènye amelyorasyon enstalasyon ORDA yo ak Sant Sivik Saranac Lake epi li pral prezante espektatè yo bote rejyon Adirondack ak sa kominote biznis lokal nou an gen pou ofri. Anons jodi a ke ESPN pral difize je yo se yon nouvèl enteresan epi li vle di plis moun atravè monn lan pral kapab wè poukisa nou fyè dèske nou rele kote sa a lakay nou".

**Manm Asanble Matthew Simpson te deklare,** "North Country pa ka tann epi eksite pou li òganize Je Mondyal Inivèsitè ki gen pou fèt yo. Pa gen pi gwo plas pou yon evènman enkwayab konsa fèt epi byento, atlèt ki soti toupatou nan monn lan pral wè jan esplandè Adirondacks vrèman espesyal. Depi Je Olenpik 1980 yo, nou pa te gen opòtinite pou òganize yon evènman mondyal konsa epi nou pare pou nou woule tapi wouj la pou montre sa New York gen pou ofri".

**Majistra Lak Placid la Art Devlin te deklare,** "Akeyi Je Mondyal Inivèsitè yo te ban nou elan nesès pou amelyore tou enfrastrikti nan vilaj olenpik la ki gen ladan konduit dlo, twotwa ak lari yo. Wo nivo konpetisyon ak evènman edikatif ak kiltirèl je yo pral ranime istwa prestijye Je Olenpik Ivè 1932 ak 1980 yo pandan y ap montre sit ORDA yo bay yon odyans mondyal."

**Sipèvizè Vil North Elba, Derek Doty, te deklare,** "Envestisman nan rejyon an ede fè Eta a vin pi konpetitif pou rekreyasyon ak vwayaj sezon ivè, atire lòt gwo evènman espòtif, epi estimile biznis ak enpak ekonomik pou zòn nan pandan tout ane a. Pandan

Je Mondyal Inivèsitè FISU yo ankouraje enterè nan North Country ak investisman atravè rejyon nou an, enpak la deja pote benefis ki pral dire pou ane k ap vini yo".

**Prezidan Pa Enterim FISU, Leonz Eder, te deklare,** "Nou kontan dèske je FISU yo gen pou fèt apèn nan kèk mwa epi mwen kontan anonse ke preparasyon yo ap byen mache. Mwen ta renmen remèsye patnè òganizatè yo ak Eta New York pou travay di ak devouman yo—san yo, evènman sa a pa t ap posib. Mwa k ap vini yo pral trè enpòtan pou mete touch final yo pou asire tout bagay pare pou akeyi monn lan an janvye 2023".

Fanatik yo kapab swiv preparasyon k ap mennen nan je yo sou Facebook, Instagram ak Twitter avèk @lakeplacid2023 and #lakeplacid2023. Pou plis enfòmasyon sou Je Mondyal Inivèsitè FISU 2023 yo nan Lake Placid, ale sou [www.lakeplacid2023.com](http://www.lakeplacid2023.com).

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)